



REPIBLIK D AYITI

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL ak FÒMASYON PWOFEYONÈL
AKADEMI KREYÒL AYISYEN

PWOTOKÒL AKÒ

Ant

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP) ak reprezantan li, **Mesye Nesmy MANIGAT, Minis**, k ap viv nan Pòtoprens, Nimewo Idantite Fiskal : 003-192-163-2 ,Nimewo Idantifikasyon Nasyonal : 03-01-99-1964-04-00073, yon bò ;

Ak

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA) ak reprezantan li, **Mesye Jean Pauris JEAN BAPTISTE, Prezidan Konsèy Administrasyon Akademi an**, k ap viv nan Kenskòf, Nimewo Idantite Fiskal : 003-116-826-6, Nimewo Idantifikasyon Nasyonal : 05-05-99-1936-03-0001, yon lòt bò ;

Konsiderasyon jeneral :

Misyon MENFP ak misyon AKA kwaze sou kesyon politik lang nan peyi a, espesyalman nan sistèm edikatif ayisyen an kote tout aktè yo dwe respekte Dwa lengwistik elèv ayisyen yo. Depi nan refòm Minis Joseph C. Bernard la, enpòtans lang kreyòl la toujou prezan nan kèlkeswa refleksyon sou edikasyon k ap fèt nan peyi a. Konsa, de (2) enstitisyon yo chwazi mete fòs yo ansanm nan pran angajman pou amelyore kalite ansèyman nan sistèm edikatif ayisyen an, epi pou reyalizè yon amenajman lengwistik andedan sistèm nan kote AKA ak MENFP ap gen pou yo travay men nan men. Pwotokòl akò sa a bay kondisyon ak fòm pou kolaborasyon sa a tabli.

Konsiderasyon legal

Lè nou konsidere:

- I. Atik 5 Konstitisyon peyi a rekonèt lang kreyòl kòm lang ki simante tout Ayisyen ansanm e an menm tan kòm lang ofisyèl. “Kreyòl ak franse se lang ofisyèl Repiblik la”;
- II. Atik 40 Konstitisyon amande a ki egzije Leta Ayisyen pou li mete tout enfòmasyon disponib an kreyòl pou popilasyon an;
- III. Atik 213 Konstitisyon 1987 la ki kreye yon Akademi pou travay sou lang kreyòl la ;
- IV. Lwa Kreyasyon Akademi Kreyòl la (Lwa 23 avril 2013) ki vote nan tou de (2) Chanm yo nan Palman Ayisyen an, Prezidan Peyi a siyen li, epi li pibliye nan Journal Ofisyèl peyi a ki se Monitè (an fransè Le Moniteur, No 65, 7 avril 2014) ;
- V. Ministè Edikasyon Nasyonal kreye Komisyon Nasyonal pou Refòm Kourikoulòm yo nan dat 11 septanm 2014.

Aprè konsiderasyon sa yo, Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (**MENFP**) ansanm ak Akademi Kreyòl Ayisyen (**AKA**), mete yo dakò sou pwèn sa yo :

Objektif

Atik 1. Dokiman sa a se yon Pwotokòl Akò ki angaje Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) ak Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) sou fason pou yo kalobre pou pèmèt lang kreyòl la sèvi nan tout nivo anndan sistèm edikatif ayisyen an ak nan administrasyon MENFP.

Atik 2. Akò sa a fikse wòl ak responsablite de (2) pati yo konsènan kesyon lang kreyòl la nan sistèm edikasyon an espesyalman nan kourikoulòm yo.

Prensip fondamantal

Atik 3. MENFP se enstitisyon leta anba gouvènman santral la ki gen responsablite jere kouman edikasyon ap fèt nan peyi a.

Atik 4. AKA se enstitisyon leta endepandan ki gen responsablite travay sou lang kreyòl epi fè pwomosyon lang kreyòl la nan peyi a dapre egzijans atik 213 Konstitisyon Repiblik la.



Reskonsablite MENFP

Atik 5. MENFP ap mete avèk AKA pou yo bay oryantasyon nan rechèch k ap fèt sou kesyon lang nan edikasyon an jeneral ak sou rechèch k ap fèt lòt kote sou pwoblematik edikasyon nan peyi kote ki gen pwoblèm dominasyon lengwistik.

Atik 6. MENFP ap travay avèk sipò AKA pou yo rive jeneralize itilizasyon lang kreyòl la kòm zouti ansèyman nan tout nivo nan sistèm edikasyon an.

Atik 7. MENFP ap chwazi de (2) moun ki responsab pou travay avèk komisyon edikasyon ki nan AKA pou sèvi kòm lyezon ant AKA ak Ministè a sou kesyon amajman lang kreyòl ak sou ansèyman lang nan sistèm nan.

Reskonsablite AKA

Atik 8. AKA ap travay men nan men ak MENFP sou oryantasyon amajman lang nan sistèm edikasyon an.

Atik 9. AKA genyen pou li travay ak MENFP sou Refòm Kourikoulòm yo ;

Atik 10. AKA ap ede MENFP veye sou kalite materyèl edikatif an kreyòl pou kèlkeswa nivo, pou kèlkeswa matyè k ap anseye nan lekòl yo nan peyi a ;

Atik 11. AKA genyen pou li ede MENFP nan fòmasyon k ap bay pou anseye lang kreyòl oswa nan lang kreyòl ;

Atik 12. AKA dwe bay MENFP dizon li sou pwogram fòmasyon sou lang kreyòl pou pwofesè yo nan kèlkeswa nivo a.

Atik 13. AKA ap fòmalize konvansyon pou kreyòl la ekri selon prensip ak regleman lang la, apre li fin revize òtograf ofisyèl ki nan Lwa 18 septanm 1979 la ak lè li fin adopte nouvo mezi sou kesyon òtograf.

Kondisyon pou akò a bay rezilta

Atik 14. Akò sa a ap fikse divès chantye pou entèvansyon yo fèt nan plan aksyon an:

1. Entèvansyon pou itilizasyon lang kreyòl la nan administrasyon MENFP an jeneral ;
2. Entèvansyon pou pwomosyon ak itilizasyon lang kreyòl la nan tout enstitisyon piblik ak non-piblik k ap travay nan sektè edikasyon an ;
3. Entèvansyon pou itilizasyon lang kreyòl la nan :
 - a. sal klas yo ;
 - b. preparasyon kourikoulòm ofisyèl MENFP ;
 - c. preparasyon materyèl eskolè ak liv lekòl ;
 - d. sikilè ak enfòmasyon MENFP ap voye bay lekòl yo oubyen laprès ;
 - e. egzamen leta yo ;
 - f. fòmasyon anseyan yo.

Atik 15. Pou Akò sa a rive aplike, MENFP ak AKA ap bati yon plan aksyon ki prezante divès aktivite 2 enstitisyon yo prevwa reyalize ansanm.

Atik 16. MENFP ak AKA ap prevwa yon liy anndan bidjè yo pou aktivite ki nan akò a epi y ap mete ansanm pou chache mobilize lòt resous ki nesèsè pou devlope plan aksyon an.

Revizyon, Modifikasyon, Dire

Atik 17. Nenpòt nan de (2) pati yo ka mande revize akò sa a. Men, fòk pati yo tann yon lane anvan pou yo fè yon lòt demann revizyon.

Atik 18. Akò a dwe rete ann aplikasyon toutotan youn nan pati yo pa mande elimine l. Nan ka youn nan pati yo ta jije sa nesèsè pou li sispann akò a, pati sa a ap ekri lòt pati a pou li detaye rezon ki kore lide sa a. Konsa tou, apre diskisyon epi antant ant 2 pati yo, akò a ka retounen nan aplikasyon.


Dat aplikasyon



Atik 19. Akò sa a ap kòmanse antre ann aplikasyon nan dat reprezantan de (2) pati yo siyen li.


Akò sa a tabli nan vil Pòtoprens, an 2 orijinal, nan dat **08 JUL 2015** 2015.

Pou MENFP,


Nesmy MANIGAT
**Minis Edikasyon Nasyonal
ak Fòmasyon Pwofesyonèl**



Pou AKA,


Jean Pauris JEAN-BAPTISTE
**Prezidan Konsèy Administrasyon
Akademi Kreyòl Ayisyen**

